

Igice ca 5: Abaroma 12:9-13

Intangamarara:

Ni kubera iki abakristo benshi b'ukuri bagera ahantu bikanka ko «batera imbere mu buryo bw'Impwemu»? Barakunda Imana, barashaka gukura, baramaze guhinduka ku rugero kanaka mu buryo bw'Impwemu, ariko bakagera ahantu «bakihagarika», bagaseka uruhome rwo mu buryo bw'Impwemu. Utumenyere n'inyifato zimwe zimwe bigasa n'ibitigera bihinduka. Kugerageza cane n'ukwiyeze guhinduka bikamara igihe gito. Mbega uvyifatamwo gute iyo utariko uratera imbere mu buryo bw'impwemu?

Ingingo ndenderwako: Imbuta ya mbere nziza, yatewe mw'ivu rya mbere ryiza, ntishobora gukurira mu kibanza kitabereye.

- **ITEGEKO** rya Yesu risaba ikibanza kanaka co mu buryo bw'Impwemu kugira rishoboke.

Yohana 13:34-35

- **AKARORERO** k'igikorwa ca Yesu mu gutegura abigishwa gasaba kuba uri mu kibanza kanaka.

Mariko 3:13-14

- **UBURYO BWO GUKORA** bw'ishengero rya mbere n'umusaruro vyazanye bisaba ikibanza kanaka.

Ivyakozwe n'Intumwa 2:42-47

- **KAHISE** k'ishengero na kubu karyo, karemeza ko hari ikibanza kanaka gikenewe kugira habe impinduka n'ugukura mu buryo bw'Impwemu

UBUNYEMPWEMU BW'UKURI

UKO UMUNTU YABAHO MU KIBANO NYACO

Ikibanza co mu buryo bw'Impwemu: IKIBANO NYACO.

Iforoma ico kibanza gifata ni: UMUGWI MUTO.

Itandukaniro: IKIBANO NYACO ≠ UMUGWI MUTO.

Ingingo ngenderwako: Tubwirizwa kuba mu kibanza co mu buryo bw'Impwemu citwa ikibano nyaco kugira ugukura mu buryo bw'Impwemu gushoboke.

Ibibazo bibiri bikomeye:

1. Ikibano nyaco kimeze gute?
2. Wokironka gute?

Ikibano nyaco gishoboka mugihe...

Abaroma 12:9-13

Wewe w'ukuri...

umurongo wa 9

...atoreye umuti ibibazo nyavyo...

umurongo wa 10

...kubwo impamvu nyazo...

umurongo wa 11

...mu buryo nyabwo.

Imirongo ya 12-13

UBUNYEMPWEMU BW'UKURI

UKO UMUNTU YABAHO MU KIBANO NYACO

Wewe w'ukuri – Atari irya **SHUSHO** itariyo wiha ngo wemerwe.

Abaroma 12:9

- Kuba umunyakuri – «Urukundo rwanyu rwoye kuba uruheyiheyi.»
- Ukwezwa – «Mwanke ibibi. Mumatane n'ivyiza.»

Torera umuti ibibazo nyavyo – apana **IVYO HEJURU HEJURU.**

Abaroma 12:10

- Ukwitanaho – «ku vyo gukunda bene Data, mukundane rwoye; »
- Ugucabugufi – «ku vy'icubahiro, umuntu wese ashire imbere mugenzi we. »

Kubwo impamvu nyayo – Atari **UKUNEZEREZA** Abantu.

Abaroma 12:11

- Ikigutera intege zo gukora ivyo ukora – «ku vy'ugushishikara, ntimugire urwangara; mukovye mu mitima gukorera Umwami wacu.»
- Uburyo bwo gukora – Gukorera Imana nyakwo kurangwa no:
 - Umwete – Ugukora neza cane
 - Gukunda ivyo ukora – umunezero

Mu buryo nyabwo – Atari mu **NKOMEZI ZACU**.

Abaroma 12:12-13

- **Gushimikira kubiri mw'ijuru** – «*Munezererwe kwizigira ibizoba; mwihanganire amagorwa; mushishikare gusenga*»
- **Kwitaho abandi** – «*mugabanirize abera, uko bakenye; mushishikare gutanga indaro.*»

Ni kuki ikibano nyaco ari ngirakamaro kuri Yesu?

²⁰«Sinsabira aba gusa, ariko ndasabira n'abo bazonyizera kubg' ijamba ry'aba, ²¹ kugira ngo bese babe umwe, nk'uko wewe, Data, uri muri jewe, nanje nkaba muri wewe, ngo na bo abe ari ko baba muri twebge, ngw isi yizere kw ari wewe wantumye.»

Yohana 17:20-21

Ishigwamungiro/Ibibazo vyo guhanahanako ivyiyumviro:

1. Sangiza abandi inkuru y'ukuntu wabanye mu kibano nyaco mu buryo bukomeye n'abandi bene Data muri Kristo. (Ni iki cagize uwo mubano uwudasanzwe kubwawe?)
2. Sigura ukuntu uburyarya bw'umukristo bwakubereye igitsitaza.
3. Ni kubera iki wiyumvira ko ukuba ico umuntu ari, ari nkenerwa mu migenderanire y'abantu? Mu kuzana impinduka nziza ku bandi?
4. Ni irihe tandukaniro « ry'ivyankenerwa nyavyo » n'ivyankenerwa vyo hejuru hejuru? Ni uruhe ruhara imvo ituma dukora ivyo dukora igira mu gutorera umuti ivya nkenerwa nyavyo?
5. Ni irihe ntambuko yo kwizera/ kwumvira, ukeneye gutera kugira ngo wubake ikibano nyaco kubwawe canke kubwo uwundi muntu kugira ngo ube inyishu y'isengesho rya Yesu riri muri Yohana 17?